

## Chapit 1 - Fason pou Resevwa Lisans Chofè

Gen twa etap pou resevwa yon lisans chofè konplè.

### 1. Pase Tès pèmi Apranti (se yon tès ekri).

Pèmi Apranti pèmèt moun ki genyen li aprann fason pou kondi avèk sipèvizyon yon Granmoun ki gen yon lisans chofè epi ki gen laj plis pase 21 ane. Pèmi Apranti Jinyò pou adolesan yo gen restriksyon siplemantè. Rekòmandasyon se pou pratike pandan 50 èdtan avèk omwen 15 èdtan apre solèy la kouche.

### 2. Pran Kou 5 èdtan Preparasyon pou Gen Lisans (w ap resevwa yon sètifika w ap bezwen pote nan tès kondi sou wout la)

Kou sa a obligatwa epi ou dwe swiv li apre ou resevwa Pèmi Apranti ou.


### 3. Pran yon randevou pou pran Tès Kondi sou Wout la.

Tès Kondi sou Wout la ap pran apeprè 15 minit. Mande chofè lisansye k ap sipèvize ou pou mennen ou pran tès kondi sou wout la. Anrejistreman ak asirans oto a dwe ajou. Pote pèmi ou ak sètifika preparasyon Pou gen lisans ou Yon enstwiktè pral deplase avèk moun ki gen pèmi an epi l ap jije si chofè a pare pou kondi san sipèvizyon. Si chofè a pase tès kondi sou wout la, l ap kapab kondi san sipèvizyon epi l ap gen lisans chofè konplè li. (Lisans Jinyò pou adolesan yo pral gen kèk restriksyon siplemantè - gade manyèl chofè a)

Chofè yo responsab pou yo kapab distenge ant diferan kalite idantifikasyon ak sa yo gen pèmision pou fè. Ou dwe kapab di diferans lan dapre mo ki nan idantifikasyon yo nan lang Anglè.

AVÈK KAT IDANTIFIKASYON

**PA KONDI** - Si ou kondi san yon lisans, se yon vyolasyon Lwa Eta New York konsènan Veyikil ak Sikilasyon Machin.



Kat Idantifikasyon ki gen Plis Pase 21 Ane

AVÈK PÈMI APRANTI a Ou te pase tès ekri a.

**SÈLMAN KONDI ANBA SIPÈVIZYON YON CHOFÈ LISANSYE KI GEN PLIS PASE LAJ 21 ANE**

**Si ou kondi poukont ou avèk yon pèmi, se yon vyolasyon Lwa Eta New York konsènan Veyikil ak Sikilasyon Machin.**



Pèmi Apranti ki gen Plis Pase 21 Ane

AVÈK LISANS CHOFÈ - PLIS PASE LAJ 21 ANE

**OU TE PASE TÈS KONDI SOU WOUT EPI OU KAPAB KONDI SAN SIPÈVIZYON** (Si lajistis kondane ou pou sèten vyolasyon sikilasyon machin nan 6 mwa apre ou resevwa lisans ou, ou kapab gen lisans ou pou kondi sispann oswa revoke pou yon peryòd tan.)



Lisans Chofè ki gen Plis Pase 21

Kat Idantifikasyon ki pa Lisans Chofè kapab ede ou pwouve kimoun ou ye oswa li kapab ede idantifye adrès ou.

**Li pa ba ou pèmision pou kondi yon veyikil.**



Si ou chanje adrès kay, fè DMV Eta New York konnen chanjman adrès ou nan 10 jou pa-lapòs oswa nan Fòm Chanjman Adrès (MV-232). Ou dwe ekri nouvo adrès la nan espas yo bay nan do idantifikasyon ou, Pèmi ouswa Lisans ou.

Si ou gen yon lisans valab yon lòt eta oswa peyi, epi ou se yon rezidan nan eta a oswa peyi a ou kapab kondi legalman nan Eta New York. (Si ou se yon refijye epi ou gen yon lisans yon lòt peyi ki pa valab nan Eta New York. Ou dwe pase nan pwosesis la nèt pou kondi legalman.)

Si ou lisansye nan yon lòt eta epi ou vin yon rezidan nan Eta New York, ou dwe ap-like pou yon lisans chofè Eta New York nan 30 jou apre ou kòmanse ap viv nan New York pou konsève lisans chofè legal ou.

## **PRAN YON RANDEVOU POU PRAN TÈS KONDI SOU WOUT LA:**

Pran yon Randevou pou Pran Tès Kondi sou Wout la pou resevwa Lisans Chofè ou! Ou kapab anrejistre gratis sou entènèt <https://roadtest.dmv.ny.gov/Default.asp>

Pran Tès Kondi sou Wout la. Ale nan adrès ki endike nan randevou ou. Rive Bonè. Ou dwe pote pèmi ou, Sètifika Kou Preparasyon pou Lisans, yon chofè lisansye ki gen plis pase laj 21 ane dwe kondi ou. Oto a dwe nan bon eta fonksyonman, li dwe anrejistre nan moman an, li dwe enspekte ak asire.

Si ou pa pase tès kondi sou wout la.	Si ou pase tès kondi sou wout la.
Enstwiwèt a ap ba ou yon dokiman sou sa ki te pase pou fè ou pa pase tès la. (Dokiman an ap sanble avèk yon resi makèt)	N ap ba ou yon lisans pou yon ti tan jiskaske lisans konplè a rive nan adrès lakay ou pa-lapòs.
Anpil moun pa pase nan tès la premye fwa. W ap jwenn yon dezyèm chans san ou pa peye yon lòt frè. (Aprè dezyèm tantativ la, w ap bezwen yon adrès imèl pou anrejistre epi sa ap koute ou \$10. )	W ap gen yon peryòd esè pou 6 mwa epi ou kapab pèdi privilèj pou kondi si ou vyole lwa yo konsènan sikilasyon machin.
Pote resi a nan Pwogram Sekirite Sikilasyon MVRRCR. N ap ede ou konnen sa pou korije.	Ou responsab pou swiv tout règ ak dispozitif kontwòl sikilasyon machin.
Pratike kondi plis epi korije bagay ki pa t travay yo.	Konnen ou kapab pèdi privilèj ou pou kondi.
Anrejistre pou pran tès la ankò.	Si ou pran yon kontravansyon, ou dwe fè aksyon ki nesèsè pou rezoud kontravansyon an. Anpil moun anboche yon avoka pou ede yo.

## **Ki kantite fwa mwen dwe kondi san sipèvizyon anvan mwen pran tès kondi sou wout la?**

Si ou poko gen laj 18 tan anvan ou pran tès kondi sou wout la, ou dwe

- gen yon minimòm 50 èdtan pratik kondi anba sipèvizyon avèk
  - Omwen 15 èdtan lannwit (apre solèy kouche)
  - Omwen 10 èdtan nan sikilasyon modere ak nan sikilasyon chaje
- Nan tès kondi sou wout la pote yon Sètifika Kondi anba Sipèvizyon (MV-262) [3]ki ranpli gras akparan oswa responsab legal ou pou sètifye ou te gen èdtan obligatwa yo pou pratik kondi anba sipèvizyon (ou dwe bay egzaminatè lisans lan MV-262 chak fwa wap pran tès kondi sou wout la)

Nou rekòmande pou **tout chofè** tout laj gen kantite sa a ak kalite pratik sa a. Nou rekòmande tou pou ou pran yon kou edikasyon pou chofè oswa leson kondi pwofesyonèl.

Gen kèk lòt egzijans pou pèmi pou motosiklèt. Gade Resewwa yon lisans pou motosiklèt[4].

## **Kisa mwen ta dwe pratike pou tès kondi mwen sou wout la?**

- **Direksyon:** Oryante ou byen kit w ap kondi nan liy toudwat, kit w ap vire, oswa w ap fè bak.
- **Akselerasyon:** Akselere dousman ak yon fason modere. Pa fè motè a woule vit oswa pa lakòz li woule dousman.
- **Fason pou Frennen:** Fè veyikil la kanpe dousman. Kòmanse frennen byen anvan ou rive nan pozisyon ou pou kanpe pou evite arè brital. Asire ou kanpe veyikil ou nan pozisyon kòrèk liy lan.
- **Klòtch/Bwat Vitès:** Toujou asire veyikil ou nan vitès kòrèk la. Avèk swa yon transmisyon otomatik oswa yon transmisyon manyèl, pase nan vitès kòrèk la nan bon moman ansan ou pa "grense" vitès yo.
- **Vitès:** Respekte limit vitès ki nan pano a, sètènman, men tou ajiste vitès ou kòrèkteman akòz move tan, wout, viziblite ak kondisyon sikilasyon machin yo
- **Fason pou swiv distans:** Kenbe yon espas "tanpon" kòm sadwa ant veyikil ou ak sa w ap swiv yo. Itilize "règ de segonn" lan ki dekri nan Manyèl Chofè a. Asire ou ogmante distans w ap swiv machin yo nan move tan oswa nan move viziblite.
- **Pano, siyal ak makaj sikilasyon machin:** Konnen siyifikasyon pano yo, siyal yo ak makaj yo sou wout la, obeyi yo yon fason konsistan.
- **Pozisyon pou kanpe:** Si yon arè obligatwa, kanpe veyikil ou anvan li rive nan yonri kalfou. Si gen liy arè oswa pasaj pou pyeton, kanpe anvan ou kwaze yo. Si viziblite ou bloke apre ou kanpe dèyè pasaj pou pyeton an, deplase jiskaske ou kapab wè kote pou pase a aklè, answit kanpe ankò si li nesèsè.
- **Seleksyon liy ak pozisyon:** Kite veyikil ou nan bon jan liy sikilasyon, sitou lè w ap prepare pou fè viraj yo. Pa kite espas pou yon lòt veyikil double ou nan bò w ap vire pou antre a.
- **Kominikasyon:** Fè lòt chofè yo ak pyeton yo konnen nan ki direksyon ou vle ale. Itilize siyal direksyon ou oswa klaksòn ou yon fason ki konsistan epi nan moman kòrèk yo.
- **Obsèvasyon:** Chèche epi idantifye pwoblèm oswa danje posib yo nan sikilasyon antoutotou ou - pa sèlman toudwat devan ou, men dèyè ou ak nan nenpòt bò. Tcheke retwovizè ou yo souvan, men asire ou gade sou zèpòl ou dèyè ou lè w ap chanje liy yo ak lè w ap fè bak.
- **Prevwa epi reyaji:** Prevwa erè posib yo lòt chofè yo fè pandan y ap kondi epi pare ou pou reyaji san pwoblèm pou ratrape erè yo.

# KONSÈY POU TÈS KONDI SOU WOUT LA

**Rive Bonè omwen 30 minit anvan.**

**Lè randevou ou - 30 minit = lè ou Rive\_\_\_\_\_**

## Pwosedi posib akòz COVID19

Anile epi repwograme randevou ou si ou malad, si ou gen COVID19, si ou gen lafyè, si ou te ekspoze nan COVID19, si doktè te mande ou pou izole tèt ou oswa pou rete an karantèn.

Metè yon Mask (oumenm ak chofè sipèvizyon ou)

Y ap tanperati kò ou lè ou rive

W ap gen pou reponn kesyonè yon sondaj konsènan maladi posib epi/oswa si ou te ekspoze nan COVID19

W ap gen obligasyon pou netwaye syèj lateral pasaje a avèk lenjèt dezenfektan anvan egzaminatè a pral antre nan oto a

## **Rapèl- Sa pou pote:**

- 1. Pèmi Valab Eta New York
- 2. Sètifika ou te resevwa pou Klas Preparasyon pou Resevwa Lisans pandan 5 Èdtan
- 3. Yon chofè ki gen lisans Eta New York ki gen plis pase laj 21 ane avèk lisans li
- 4. Asire veyikil la gen anrejistreman ak asirans ki ajou

Avèk pèmasyon enstwiwiktè a w ap chita nan syèj chofè a.

**PREMYE AKSYON EGZAT POU FÈ SE TACHE SENTI SEKIRITE OU!**

Answit ajiste toulède retwovizè yo ak syèj ou.

Answit, estat motè a.

Egzaminatè Tès Kondi sou Wout la ka itilize siyal avèk men li pou di ou sa pou fè.

Etidye paj ki tache pou Enstwiwksyon yo konsènan Tès Kondi sou Wout la.

Tès Kondi sou Wout la ap pran apeprè 15 minit - Revize règ Tès Kondi sou Wout la anvan ou ale.

- Ou gen pou obeyi tout limit vitès yo ak dispozitif ak pano sikilasyon an pandan tès la.  
Limit vitès la nan Utica se 30 mil/èdtan.
- Ou pral gen pou fè yon Viraj U san danje ak yon pake paralèl. PA ale nan okenn arebò twotwa pandan w ap pratike ladrès sa yo.
- Bay siyal anvan ou vire, tcheke retwovizè ou yo, tcheke sou zèpòl ou pou pwen avèg yo.
- Pozisyon men ou dwe nan pozisyon 9:00 ak nan pozisyon 3:00.  
(Pa janm kwaze bra ou lè w ap vire.)

## Chapit 2 - Fason pou Konsève Lisans Ou

**Si ou fè yon vyolasyon grav (3 pwen oswa plis) oswa anpil vyolasyon ki mwen grav, ou kapab pèdi privilèj ou pou kondi nan sispansyon oswa revokasyon lisans ou.**

**“Sispansyon”** vle di lisans ou (oswa privilèj ou pou kondi) sispann pou yon peryòd tan anvan li retounen. Ou ka gen obligasyon pou peye yon frè pou finisman sispansyon.

**“Revokasyon”** vle di lisans ou (oswa privilèj ou pou kondi) is anile. Pou resevwa yon nouvo lisans, ou dwe re-aplike nan Depatman Veyikil-a-Motè (DMV) lè peryòd revokasyon an fini. Ou ka gen obligasyon pou peye yon frè pou re-aplikasyon. Ou ka jwenn refi pou aplikasyon ou si ou gen yon move dosye kondi oswa si ou refize satisfè kondisyon DMV. Peryòd revokasyon an ka pi long pase peryòd minimòm yo ki endike nan piblikasyon sa a.

**“Privilèj pou Kondi”** vle di koutwazi nou pwolonje pou chofè lòt eta k ap pèmèt yo kondi yon veyikil-a-motè nan Eta New York. Li vle di pèmisyon Eta New York tou pou yon moun ki pa gen yon lisans resevwa yon lisans Eta New York. Yon privilèj pou kondi kapab sispann oswa anile pou menm rezon yo jan nou sispann oswa anile lisans Eta New York chofè yo. Si ou kondi avèk yon privilèj ki sispann oswa anile sa ap lakòz ou jwenn sanksyon tankou si ou kondi avèk yon lisans ki sispann oswa anile.

### **RÈG ESPESYAL POU CHOFÈ KI GEN PÈMI AK LISANS JINYÒ**

**(Egzanp ki anba yo pa montre tout konsekans posib yo)**

**Pèmi, lisans oswa privilèj jinyò ap:**

- “Sispann” pou 60 jou si lajistis kondane chofè a pou vyolasyon grav nan règ sikilasyon (3 pwen oswa plis) oswa 2 lòt vyolasyon
- “Anile” pou 60 jou si lajistis kondane chofè a pou yon vyolasyon grav nan (3 pwen oswa plis) oswa 2 lòt vyolasyon nan premye sis mwa yo apre ou resevwa lisans ou oswa privilèj ou ankò apre yon sispansyon oswa yon anilasyon.
- “Sispann” pou 120 jou lè lajistis kondane ou pou yon vyolasyon voye oswa resevwa tèks oswa telefòn selilè.
- Anvan yon tès kondi sou wout la kapab pwograme, ou dwe gen yon pèmi jinyò pou yon minimòm sis mwa, san pa gen okenn peryòd tan pèmi a sispann oswa anile.

### **NOUVO PERYÒD PWOBASYON(PERYÒD BON KONPÒTMAN)POU TOUT Lòt NOUVO LISANS**

**Si ou gen laj 18 tan oswa plis lè ou pase tès kondi sou wout la pou yon lisans chofè, oswa pou resevwa yon lisans apre anilasyon, w ap gen pou antre nan yon peryòd pwobasyon (bon konpòtman) pou sis mwa.**

**Pandan peryòd sis mwa pwobasyon sa a:**

**Lisans ou ap sispann pou 60 jou** - Si lajistis kondane ou pou eksè vitès, kondi yon fason danjere, swiv lòt machin twò pre, patisipe nan yon konpetisyon vitès, oswa de lòt vyolasyon règ sikilasyon pandan peryòd pwobasyon sa a.

**Lisans ou ap sispann pou omwen 60 jou** si lajistis jwenn ou koupab pou youn nan vyolasyon yo ki endike anwo a oswa pou de lòt vyolasyon règ sikilasyon an pandan dezyèm peryòd pwobasyon sa a. Lè anilasyon oswa sispansyon an fini, w ap nan pwobasyon pou yon lòt peryòd sis mwa.

**Lisans ou ap sispann pou yon peryòd 120 jou** - Si lajistis kondane ou pou vyolasyon voye oswa resevwa tèks oswa pou vyolasyon telefòn selilè

## NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 2-Keeping License

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb

<https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

### **KONTRAVANSYON OU RESEVWA NAN SIKILASYON BEZWEN YON REpons IMEDYAT**



[https://search.yahoo.com/search?fr=chrome&tree\\_ie&ie=utf-8&ilc=128&type=523482&primg=es,+police+at+a+traffic+stop](https://search.yahoo.com/search?fr=chrome&tree_ie&ie=utf-8&ilc=128&type=523482&primg=es,+police+at+a+traffic+stop)

- Chak chofè ki resevwa yon kontravansyon nan sikilasyon kapab prezante yon defans epi yon avoka kapab reprezante li.
- Li nòmal pou moun yo anboche yon avoka.
- Moun ki pa sitwayen ameriken ka gen konsekans nan imigrasyon anplis vyolasyon règ sikilasyon ak/oswa kondanasyon pou vyolasyon kriminel. Anvan ou aksepte yon òf pledwaye, avoka ou kapab chita pale avèk yon avoka imigrasyon pou bay konsèy sou konsekans posib nan imigrasyon oswa sou yon posib kondanasyon.
  - Lisans chofè ou ap sispann pou toutan si ou pa bay repons pou kontravansyon an nan dèle ou genyen an, oswa si ou pa peye yon amann (ki pa pou kontravansyon ak amann pou pakin), frè siplemantè oswa frè pou finisman-sispansyon.
  - Si ou pa bay repons pou yon kontravansyon pou vyolasyon règ sikilasyon, sa kapab lakòz lajistis jwenn ou koupab avèk yon kondanasyon otomatik. Si ou jwenn yon kondanasyon otomatik, lisans ou ap sispann poutèt ou pa peye yon amann epi jij la ap antre yon jijman kont ou.

### **SISTÈM PWEN DMV(Afekte pou yon dosye kondi pou vyolasyon lwa konsènan sikilasyon machin)**

Lis ki anba a idantifye valè pwen pou vyolasyon règ sikilasyon machin ki afekte pou anpil kalite vyolasyon règ sikilasyon machin.

Tout vyolasyon Lwa konsènan Veyikil ak Sikilasyon ap lakòz amann pou chofè a anplis sanksyon sou lisans li.

Vyolasyon	Pwen
Double lòt machin yon fason ki pa kòrèk, chanjman liy yon fason danjere, kondi agoch mitan wout, oswa kondi nan move direksyon	3
Vyolasyon ki konsène yon siyal sikilasyon machin, pano arè, oswa pano pou bay pasaj	3
Si ou pa bay priyorite	3
Vyolasyon nan kwazman chemennfè	5
Si ou kite espas aksidan ki lakòz domaj pwopriyete oswa chòk sou bèt domestik	3
Vyolasyon restriksyon sekirite ki konsène moun ki poko gen laj 16 ane	3
Fren ki pa konvnan (pandan w ap kondi veyikil patwon ou)	2
Nenpòt lòt vyolasyon règ sikilasyon	2

Vyolasyon	Pwen
Ap Fè Vitès MPH ki pa endike	3
Ap fè vitès MPH ki depase Limit ki nan pano a: 1 jiska 10	3
11 jiska 20	4
21 jiska 30	6
31 jiska 40	8
Plis pase 40	11
W ap kondi yon fason danjere	5
Lè ou double yon otobis lekòl ki kanpe	5
Fren ki pa konvnan	4
Lè w ap swiv lòt machin twò pre	4
Itilizasyon telefòn selilè oswa aparèy elektwonik pòtatif pandan w ap opere yon veyikil-a-motè	5

Anpil vyolasyon sou dosye kondi yon chofè kapab lakòz sispansyon oswa anilasyon lisans lan.

Si yon chofè resevwa 11 pwen oswa plis pwen nan 18 mwa, chofè a ap resevwa yon lèt pa-lapòs k ap fè li konnen lisans chofè a sispann.

**“Kou sou Prevansyon Aksidan Veyikil-a-Motè.”:** Si chofè yo pran kou sa a yo kapab redui total pwen yo a apeprè 4 pwen epi yo kapab ekonomize 10% sou responsablite otomobil ak sou peman asirans yo pa mwa pou kolizyon.

## NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 2-Keeping License

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb

<https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

### SISPANSYON OSWA ANILASYON OBLIGATWA (Gade Paj 23-24 Manyèl Chofè pou jwenn enfòmasyon konplè)

Lisans chofè yo oswa privilèj pou kondi kapab sispansyon oswa anile pou anpil rezon. Men kèk egzanp anilasyon ak sispansyon ki obligatwa dapre lalwa:

- **Vyolasyon konsènan Alkòl ak Dwòg (Wè detay konplè yo Epitou gade Chapit 9: Alkòl ak Lòt Dwòg yo)**
- **Refi pou fè Tès Chimik (Epitou gade Chapit 9: Alkòl ak Lòt Dwòg yo)**
- **Chofè ki Gen Mwens Pase 21 vyolasyon - diferan**
- **Vyolasyon Vitès ak Lòt Vyolasyon**

#### **Lisans chofè ou ap anile pou omwen sis mwa si lajistis jwenn ou koupab pou:**

- 3 vyolasyon règ sikilasyon akòz vitès ak/oswa deli (kriminèl) nan 18 mwa (dapre dat vyolasyon an , pa dat kondanasyon an).
- 3 vyolasyon “double yon otobis lekòl ki kanpe” nan twa ane.
- Yon vyolasyon “lè ou kite espas yon aksidan ki lakòz chòk pèsònèl oswa moun mouri.”
- Yon vyolasyon “lè ou patisipe nan yon konpetisyon vitès”. Kondanasyon pou yon dezyèm vyolasyon akòz konpetisyon vitès nan 12 mwa ap lakòz yon anilasyon lisans ou pou omwen yon ane.

**San Asirans:** Lisans chofè ou ap **anile pou omwen yon ane** si ou opere oswa kite yon lòt moun opere veyikil ou ki pa gen asirans, oswa si DMV resevwa prèv ki montre ou te mele nan yon aksidan sikilasyon machin san ou pa t gen asirans. Si kouvèti asirans pou veyikil ou ekspire, ou dwe remèt plak imatrikilasyon an ak anrejistreman an nan yon biwo veyikil-a-motè. Si ou retire veyikil la sou wout la epi ou pa kondi li, ou dwe retounen plak imatrikilasyon an oswa ou kapab jwenn sanksyon sivil oswa sispansyon anrejistreman an ak/oswa sispansyon lisans ou.

**Sispansyon/Anilasyon pou Toutan:** Lisans chofè ap **sispansyon pou toutan tou** si ou pa depoze yon rapò aksidan an, si ou peye frè DMV avèk yon move chèk, si ou pa peye taks oswa si ou pa satisfè yon jijman tribinal jij la antre akòz yon aksidan sikilasyon machin. Sispansyon sa a pral anvigè jiskaske ou korije sitiyasyon ki te lakòz sispansyon an.

**Chofè Komèsyal yo:** Se yon krim pou kondi yon otobis lekòl k ap pote youn oswa plis elèv pandan ou gen twoub oswa sou.

## **FRÈ AK SANKSYON CIVIL**

Si lisans chofè ou te sispann pou yon peryòd tan egzat, tankou 30 jou oswa 90 jou, lisans ou p ap retounen vin valab jiskaske ou peye yon frè \$50 ki pa ranbousab pou finisman sispansyon an.

Nan pifò ka yo, si lisans chofè ou te anile, ou pa kapab aplike pou yon nouvo lisans jiskaske ou peye yon frè \$100 ki pa ranbousab pou re-aplike pou lisans lan. Frè sa a pa obligatwa si lisans ou te anile paske ou t ap kondi san asirans oswa si ou te resevwa yon lisans avèk itilizasyon sou kondisyon oswa restriksyon. Apre anilasyon ki endike anba yo, ou dwe peye yon sanksyon sivil nan DMV anvan nou kapab akseptè aplikasyon ou pou yon nouvo lisans.

- **Lè w ap opere yon veyikil san asirans oswa lè ou nan aksidan san ou pa gen asirans: Sanksyon sivil \$750.**
- **Refi pou fè tès chimik: Sanksyon sivil \$500 (\$550 si se pandan w ap kondi yon veyikil-a-motè komèsyal).**
- **Refi pou fè tès chimik nan 5 ane apre yon premye anilasyon ki gen rapò avèk alkòl, dwòg oswa refi a: Sanksyon sivil \$750.**
- **Sispansyon dapre Lwa Tolerans Zewo: Sanksyon sivil \$125 ak frè \$100 pou finisman sispansyon.**

## **EVALYASYON RESPONSABLITE CHOFÈ (lòt frè pou peye pou kèk vyolasyon)**

Pèmi apranti, lisans chofè ou, oswa privilèj ou pou kondi ap sispann si ou pa fè pèman sa yo.  
(Gade seksyon sistèm pwen ki nan chapit sa a)

- **\$250/ ane pou 3 ane (\$750 antou)** - si lajistis kondane ou pou Kondi Pandan ou Sou yon fason grav (agg-DWI), Kondi Pandan ou Sou (DWI)Kondi Pandan ou pa gen Kapasite (DWAI), Kondi Pandan Kapasite ou Afekte akòz Dwòg, DWAI-alkòl ki melanje avèk dwòg, oswa refi pou prezante pou fè tès chimik.
- **\$100/ane pou 3 ane (\$300 antou)** - Si lajistis kondane ou pou youn oswa plis vyolasyon ki lakòz ou resevwa 5 pwen nan nenpòt peryòd 18 mwa.
  - **Plis \$25/ ane pou 3 ane** pou chak lòt pwen ou resevwa pou vyolasyon pandan peryòd la.

## **SI OU KONDI PANDAN LISANS OU SISPANN OSWA ANILE SE YON VYOLASYON KRIMINÈL**

- Amann obligatwa ant \$200 ak \$5,000.
- Anprizònman oswa pwobasyon obligatwa.
- Lajistis kapab sezi oswa konfiske veyikil ou.
- Sanksyon ki pi sevè ap aplike kont chofè ki kondi pandan yo sou oswa afebli akòz alkòl oswa dwòg pandan lisans yo oswa privilèj yo pou kondi deja anba sispansyon oswa anilasyon pou yon ensidan anvan ki gen rapò avèk alkòl oswa dwòg.
- Chofè ki gen 10 oswa plis sispansyon poutèt yo pa bay repons pou kontravansyon nan sikilasyon machin oswa poutèt yo pa peye amann ka jwenn sanksyon sevè yo tou.
- Chofè ki gen 20 oswa plis sispansyon poutèt yo pa bay repons pou kontravansyon nan sikilasyon machin oswa poutèt yo pa peye amann ap anba akizasyon kriminel, menmsi yo p ap kondi lè lapolis arete yo.
- Sanksyon pou lè chofè yo kondi pandan lisans yo sispann oswa anile dekri nan piblikasyon Suppose Your License Were Taken Away(sipoze yo retire lisans ou) (C-12) ki disponib sou sitwèb DMV [dmv.ny.gov](https://dmv.ny.gov).



# Haitian Creole NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 3 - Owning a Vehicle

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb

<https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

## CHAPIT 3: Lè ou Posede yon Veyikil

Pou jwenn enfòmasyon konplè, gade  
Chapit 3 Manyèl Chofè DMV

**TITsètifika se Prèv ki montre ou Posede veyikil la - Konsève dokiman sa a apa avèk oto ou nan yon kote ki pwoteje avèk lòt dokiman enpòtan.**



Devan tit la gen done sou veyikil la, pwopriyete ak moun ki gen dwa-privilèj (lajan prete kont veyikil la).

Lè w ap achte yon veyikil epi anvan ou aksepte tit la, tcheke devan tit la pou nenpòt moun ki gen dwa-privilèj. Mande vandè yon piblikasyon ofisyèl dwa-privilèj enstitisyon ki te bay prè a. (Si vandè a pa ba ou prè la epi prè a pa t peye, moun ki gen dwa-privilèj kapab sezi veyikil la.)

Oumenm, oswa vandè ou, pral pote dokiman sa a nan DMV pou anrejistre veyikil la. Apre ou anrejistre veyikil la DMV ap ba ou yon Tit ki modifiye. Y ap voye li ba ou pa-lapòs.

Ou pral bezwen dokiman sa a pou anrejistre veyikil la epi nan yon tan pita pou vann veyikil la. (Konsève dokiman an an nan yon kote ki pwoteje nan oto a.)



Dèyè tit la ap pèmèt pwopriyete a transfere posesyon an.

Biwo veyikil-a-motè p ap aksepte yon sètifika tit si odomèt kòrèk la deklasyon sou divilgasyon domaj la pa konplè, oswa si enfòmasyon ki nan tit la ajiste, efase oswa anile.

## Fòm DTF- 802 (Lavant oswa Kado Veyikil-a-Motè) Prèv Peman Taks sou Lavant



Lè ou achte yon veyikil nan yon konsesyonè ki Anrejistre nan Eta New York, konsesyonè a ap touche taks sou lavant lan.

Si ou acte nan men yon lòt moun, mande yon Deklarasyon Tranzaksyon - (DTF-802), fòm sa a disponib nan DMV. Fòm sa a ap sètifye pri cha a epi l ap detèmine taks sou lavant ou dwe peye pou anrejistre veyikil la.

Achte a dwe ranpli ak siyen yon bò nan fòm nan.

Vandè a we ranpli ak siyen lò bò a nan fòm nan.

# Haitian Creole NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 3 - Owning a Vehicle

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb

<https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

**ANREJISTREMAN, ASIRANS, ak ENSPEKSYON** Si ou se pwopriyetè oswa deklaran yon veyikil, oswa yon chofè yon veyikil yon lòt moun posede oswa anrejistre, se responsablite ou pou asire veyikil la anrejistre, asire ak enspekte anvan ou veyikil la opere sou yon wout piblik. Lisans ou kapab anile oswa sispann pou anrejistremant, asirans ak enspeksyon ki pa kòrèk.

## ENSPEKSYON:

**Lè ou achte yon veyikil epi chak ane ou dwe enspekte veyikil la epi fè mete otokolan modifiye enspeksyon an. Yon atelye reparasyon oto sètifye ap fè ou perye yon ti frè pou enspekte pou asire oto ou nan bon eta fonksyònman. Koulè otokolan enspeksyon an chanje chak ane epi yo toujou dwe gen modifikasyon anvan fen mwa ki endike a.**

Otokolan enspeksyon ki anba a endike enspeksyon veyikil la bezwen renouvle nan mwa Jiyè 2014 anvan fen mwa Jiyè 2014.

Otokolan enspeksyon ki anba a endike enspeksyon veyikil la bezwen renouvle nan mwa Jwen 2015 anvan fen mwa Jwen 2015.



**Ou dwe mete otokolan enspeksyon an nan vit bò chofè a nan kwen ki toupre otokolan anrejistremant an.**



# Haitian Creole NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 3 - Owning a Vehicle

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb

<https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

## Anrejistreman: Yon anrejistreman pèmèt moun kondi yon veyikil sou wout piblik yo.

Kat Anrejistreman: Mete li nan bwat-a-gan oto a. Si lapolis rete ou, li ap vle pou montre li sa ansanm avèk sètifika asirans lan.

Veyikil yo dwe anrejistre nan DMV, pou anrejistre veyikil ou, ou dwe bay prèv asirans lan ak enspeksyon an. Gen yon frè pou peye pou sa.

- Anjeneral konsesyonè yo anrejistre veyikil yo pou achtè yo
- Si se yon lavant prive achtè a responsab pou anrejistre nan DMV.
- Ou dwe prezante Prèv Posesyon (Sètifika Tit la) lè w ap anrejistre yon veyikil.
- Ou dwe bay prèv asirans lè w ap anrejistre yon veyikil.
- W ap resevwa plak imatrikilasyon pou veyikil ou lè ou anrejistre li epi ou dwe enstale plak yo devan ak dèyè veyikil la.
- Mete kat anrejistreman an nan bwat-a-gan an.
- Otokolan anrejistreman an prale nan vit devan an

Anrejistreman yo valab pou 2 ane. Renouvle li nan DMV oswa sou sitwèb DMV 45-60 jou anvan li ekspire.

# Haitian Creole NYS Driving Manual Part 1 (abbreviated) Chapter 3 - Owning a Vehicle

[Pou jwenn yon vèsyon konplè ak enfòmasyon konplè, gade manyèl Chofè enprime ou oswa ale sou sitwèb <https://dmv.ny.gov/brochure/mv21.pdf>]

## Prèw Asirans: Kat Idantifikasyon Asirans

Kòd Konpayi  
Asirans lan

Dat li  
Anviyè:

Dat la  
Ekspire

Nimewo Kontra  
Asirans lan

**NEW YORK STATE INSURANCE IDENTIFICATION CARD**

888 NYS DMV TEST MUTUAL

Name & Address of Issuer: **DMV All Lines Agency  
6 Empire State Plaza  
Albany NY 12228**

An authorized NEW YORK insurer has issued an Owner's Policy of Liability Insurance complying with Article 6 (Motor Vehicle Financial Security Act) of the NEW YORK Vehicle and Traffic Law to:

**MOTORIST, MICHAEL, M  
123 SWAN STREET  
ALBANY NY 12228**

Policy Number: **NYPOLICY12345**

Effective Date: **12/11/2000**  
12:01 a.m.  
(Not acceptable to obtain registration after 45 days from effective date.)  
Applicable with respect to the following Motor Vehicle:

Expiration Date: **12/11/2001**  
12:01 a.m.

2001 Year  
FERRA Make  
NYDMVIN123456789 Vehicle Identification Number

THIS ID CARD MUST BE CARRIED IN THE INSURED VEHICLE FOR PRODUCTION UPON DEMAND

WARNING: Any person who issues or produces an ID card knowing that an Owner's Policy of insurance is not in effect may be committing a misdemeanor. In addition, a person who presents an ID card if insurance is not in effect may be committing a misdemeanor.

The name of the registrant and the name of the insured must coincide.

REPLACEMENT VEHICLE NOTATION: DMV WILL ONLY PROCESS A VEHICLE CHANGE (RE-REGISTRATION) USING THE REPLACED VEHICLE'S CURRENT REGISTRATION.

FS-20

Lè ou achte asirans pou responsablite yon veyikil, ajan oswa koutye asirans lan ap ba ou de kat idantifikasyon Asirans.

- Bay youn nan DMV oswa nan Konsesyonè a pou anrejistre veyikil ou
- Konsève youn nan oto ou. (Lapolis ap mande ou pou sa si li rete ou.)

Veyikil yo dwe pwoteje avèk asirans responsablite minimòm toutotan ou anrejistre li, menmsi ou pa kondi li. (Moun yo achte tou asirans konplè bak asirans pou kolizyon pou asirans siplemantè.)

Anvan asirans ou ekspire oswa si yo sispann li, ou dwe retounen plak imatrikilasyon an nan DMV. Asire ou resevwa yon Resi Inivèsèl DMV (FS6T) pou retounen plak imatrikilasyon ou. Si ou pa fè sa ou ka gen pou peye yon sanksyon sivil pou chak jou veyikil la pa t asire oswa anrejistreman veyikil ou kapab sispann. Si veyikil ou pa gen asirans pandan 90 jou, sof si ou te retounen plak imatrikilasyon an, lisans chofè ou ap sispann.

## Chapit 4 Kontwòl Sikilasyon Machin - Règ Wout la

Yon pano triyangilè wouj ak blan nan yon kalfou vle di pou ou ralanti epi pou prepare ou pou kanpe si li nesèsè.

Yon pano ki gen fòm rektang se yon spano limit vitès.

Yon pano ki gen fòm lozanj se yon pano ki endike danje sou wout la.

Koulè pano avètisman ki endike danje pidevan, tankou arebò twotwa nan wout la oswa pon etwat are black letters or symbols on a yellow background.

Koulè yon pano k ap fè ou konnen distans pou rive nan pwochen soti yon otowout lèt ki nan koulè vèt ak blan.

pano wout sa a  vle di pou kanpe oto a nèt, answit pou ale lè pa gen danje pou fè sa.

Pano sa a  is se yon avètisman ki endike w ap apwoche yon kwazman chemennfè.

Ou dwe obeyi yon ofisyè lapolis sou sa ki pa yon pano arè, yon limyè k ap flache.

Lè ou toupre yon kalfou, limyè sikilasyon an chanje ant vèt pou vin jòn. Pi bon aksyon nou se ta pou bprepare ou pou kanpe anvan ou rive nan kalfou a.

Ou ka kwaze yon liy jòn solid pou vire nan yon antre.

Ou ka kwaze yon liy blan senp nan otowout la si kondisyon sikilasyon an egzije sa.

Yon limyè sikilasyon machin ki gen yon flèch vèt ak yon limyè wouj vle di ou ka kondi sèlman nan direksyon flèch vèt la.

YON limyè jòn k ap flache vle di kontinye ale avèk prekosyon.

Yon kalfou gen yon pano arè, pasaj pou pyeton, men pa liy arè . Ou dwe kanpe anvan ou rive nan pasaj pou pyeton an.

Ou rive nan yon kalfou ki gen yon limyè wouj k ap flache. Ou ta dwe kanpe oto a nèt, answit ou ale lè pa gen danje pou fè sa.

Lè wout la make avèk yon liy jòn solid ak yon liy jòn brize sou bò ou, ou ka double yon machin si sikilasyon an vid.

Yon liy blan solid sou bò dwat pant otowout la nan direksyon goch ou. Sa montre that wout la pral vin pi etwat.

Otobis lekòl ak otobis pasaje ki pote pasaje dwe kanpe sou tout kwazman chemennfè yo.

Ralanti epi prepare ou pou kanpe lè w ap apwoche yon kwazman chemennfè ki pa gen siyal.

Si sikilasyon machin anpeche ou kwaze nèt nan yon seri ray chemennfè, ou ka kontinye sèlman lè gen espas pou veyikil ou nan lòt bò a.

Si yon tren k ap apwoche rive pre ase oswa prale rapid ase pou reprezante yon danje, ou pa dwe kwaze ray yo jiskaske tren an pase nèt.

Nan okenn sikonstans ou pa ka kondi nan zòn oswa anba yon baryè k ap bese oswa k ap monte nan yon kwazman chemennfè.

## Chapit 5 - Kalfou ak Viraj - Règ Wout la

**W ap tann nan kalfou a pou fè yon viraj agoch. Ou ta dwe bay siyal epi kenbe wou ou yo dwat.**



**Men ak bra goch chofè a lonje nan direksyon bese. Siyal sa a avèk men an vle di chofè a ap planifye pou kanpe.**



**Men ak bra goch chofè a lonje nan direksyon monte. Siyal sa a avèk men an vle di chofè a ap planifye pou vire adwat.**

**Ou gen dwa pasaj lè ou deja nan yonsèk sikilasyon machinko deja nan yon sèk sikilasyon machin.**

**Lè ou vle fè yon viraj adwat, oto ou cdwe toupre bò dwat lari a.**

**Ou vle vire agoch nan yon kalfou. Limyè a vèt men gen anpil machin k ap vini. Ou ta dwe rete tann nan mitan kalfou a pou sikilasyon an vin vid.**

**Veyikil Vehicle ki sou bò goch la dwe sede pasaj la wè de veyikil antre nan yon kalfou nan diferan otowout anmenmtan.**

**Ou dwe sede pasaj la ba yon veyikil k ap apwoche lè w ap vire agoch.**

**Ou rive nan yon kalfou ki bloke avèk lòt sikilasyon machin. Ou ta dwe rete deyò kalfou a jiskaske ou kapab pase ladan.**

**W ap kondi nan yon lari epi ou tande yon sirèn. Ou pa kapab wè veyikil ijans lan imedyatman. Ou ta dwe kanpe arebò twotwa a epi gade pou wè si se nan lari kote ou ye a.**

**Ou vle vire adwat nan pwochen kalfou a. Ou ta dwe kòmanse itilize siyal viraj ou a sou yon distans omwen 100 pye anvan ou vire.**

**W ap fè yon viraj agoch pandan ou nan yon lari de liy pou antre nan yon lari de liy. Lè ou fè viraj la oto ou ta dwe nan liy goch lari a.**

**Lè w ap soti nan on wout prive pou antre sou yon wout piblik sede pasaj ba pyeton yo ak sikilasyon machin ki sou wout la.**

## Chapit 6 Lè w ap Double - Règ Wout la

Lè yon otobis lekòl kanpe epi limyè wouj li yo ap flache, ou pa ka pase.

Ou ka double yon lòt veyikil sou bò dwat si l ap tann pou vire agoch.

Oto ki dèyè ou ap kòmanse double ou. Ou ta dwe ralanti apèn epi rete nan liy ou.

Lè ou vle double ak depase yon lòt veyikil, ou ta dwe bay siyal epi pase lè pa gen danje pou fè sa .

Anjeneral, ou ta dwe double veyikil ki prale nan menm direksyon pandan ou prale soubò goch la.

Ou toujou gen entèdiksyon pou double si veyikil ki devan ou kanpe pou yon pyeton ki nan pasaj pou pyeton.

Aprè ou double yon oto ou ta dwe retounen nan liy dwat ou wè defans devan lòt oto a nan retwovizè ou.

W ap kondi nan liy mitan nan yon otowout ki gen twa liy. Yon oto kòmanse double ou sou bò dwat la. Aksyon chofè sa a san pwoblèm si pa gen pano ki entèdi pasaj nan bò dat la.

## Chapit 7 Pakin Paralèl - Règ Wout la

Yon pano “no standing” (pa kanpe) nan yon sèten kote vle di ou ka kanpe pou yon ti tan pou pran oswa depoze pasaje.

Yon pano “no Pakin” (pa kanpe) nan yon sèten kote vle di ou ka kanpe pou yon ti tan pou chaje oswa dechaje pasaje.

Yon pano “no stopping” (pa kanpe) vle di, sof si yon ajan lapolis mande ou pou fè sa, ou ka kanpe sèlman pou evite konfli avèk lòt sikilasyon machin.

Ou pa ka janm pake nan yon pasaj pou pyeton.

Si ou sipoze lari a anivo, sa ou ta dwe fè apre ou fin pake paralèl nan yon espas ant de lòt oto mete wou devan ou yo dwat epi kite espas la nan mitan oto yo.

Si ou pake paralèl avèk arebò twotwa a, ou ka soti nan oto a nan bò sikilasyon machin yo lè ou p ap deranje machin k ap vini yo.

Anvan ou kite yon espas pakin ki paralèl avèk arebò twotwa a, ou ta dwe hèche sikilasyon machin yo epi ou vire tèt ou.

Yon chofè ka pake nan yon espas ki rezève pou moun andikape si veyikil la montre imatrikilasyon pou moun andikape epi si imatrikilasyon an gen non moun ki andikape a nan anrejistreman an.

Nan yon espas pakin ki rezève pou moun andikape, yon chofè ki pa andikape pa ka ni pake ni rete oswa kanpe ladan.



## Chapter 8 Permit Test Guide (Rev. 2022)

TS.2016.8.Haitian Creole.Chapt8.PermitStudyGuide

# Chapit 8 Fason pou Kondi yon Fason Prevantif - Konsèy pou Kondi san Danje

**Pano vitès minimòm yo deziyen pou kenbe sikilasyon machin yo fèt san pwoblèm.**

**Nan yon otowout Eta New York pa gen limit vitès ki make nan pano vitès maksimòm ou ka kondi legalman se 55.**

**Youn nan règ pou kondi yon fason prevantif se rete vijilan epi kite zye ou ap bouje.**

**Yon vitès san danje pou kondi oto ou depannde metewoloji a ak kondisyon wout la.**

**Senti sekirite yo kapab pi efikas kòm aparèy prevantif pou chòk lè pasaje ak chofè tache yo kèlkeswa lè yo nan oto a.**

**Nan vwayaj long yo ou kapab evite anvi-dòmi depi ou kanpe nan entèval regilye yo pou pran repo.**



## Chapit 9 Alkòl ak Lòt Dwòg - Konsèy pou Kondi san Danje

Alkòl nuizib pou ladrès ak jijman ou lè w ap kondi

Dwòg tankou medikaman kont alèji, mariwana, ak remèd pou larim (medikaman) kapab gen konsekans sou kapasite ou pou kondi.

Lè alkòl ak yon lòt dwòg melanje nan san ou sa kapab ogmante efè toulède.

Nivo alkòl ki nan san an (BAC) depannde gwosè kò ou, kantite ou bwè ak kantite tan ki pase ant lè ou te bwè a.

Y ap pran lisans chofè ou si ou refize fè yon tès chimik (alkotès oswa tès san).

Konsekans poutèt ou kondi anba enfliyans alkòl oswa lòt dwòg kapab lakòz anprizònman posib, amann obligatwa pou peye, ak anilasyon lisans chofè ou. (ak konsekans posib sou sitiasyon imigrasyon ou)

Sèl fason ki efikas pou redui nivo alkòl nan san (BAC) ou se pou kite kò ou elimine alkòl la.

Si ou bwè alkòl epi ou kondi se yon pwoblèm sekirite grav pou sikilasyon machin yo.

Yon chofè k ap pran medikaman san preskripsyon ta dwe fè lekti etikèt medikaman an anvan li kondi

Alkòl afekte rekouvremant vizyon nan ekleraj gwo limyè, tan reyaksyon, ak jijman distans yo.

Si ou bwè kafe apre ou bwè alkòl sa p ap gen konsekans sou nivo alkòl nan san ou.

Anmwayèn, kò imen kapab elimine alkòl ki nan 12 ons byè nan apeprè inèdtan.

Yon tès chimik sèvi pou mezire nivo alkòl ki nan san ou.

Kantite alkòl ki nan lestomak, gwosè kò yon moun, ak kantite tan ki pase ant lè moun nan bwè tout sa ap gen enfliyans sou efè alkòl la.

## Chapit 10 Fason pou Kondi nan Kondisyon Espesyal

Lè w ap kondi nan yon otowout, sa diferan avèk lè w ap kondi nan yon lari òdinè paske ou dwe panse pi rapid epi ou dwe jere veyikil ou yon fason ki pi efikas.

Kondi lannwit danjere paske distans nou kapab wè devan redui.

Pandan tout sitiyasyon ijans yo lè w ap kondi, ou dwe panse anvan ou aji.

Ou fèk soti nan yon otowout epi ou kòmanse kondi nan yon otowout òdinè. Ou ta dwe tcheke endikatè vitès ou pou kenbe limit vitès ki pi ba a.

Oto ou kòmanse derape sou yon wout glise. Ou ta dwe antre nan direksyon ou vle wou devan yo ale.

Otowout yo gen “liy antre sou otowout” (liy akselerasyon) yon fason pou chofè yo kapab rive nan vitès kòrèk la anvan yo melanje avèk sikilasyon machin yo.

Lè w ap kondi nan gwo bwouya pandan lè ki gen solèy ou ta dwe kondi avèk limyè devan ou yo limen pou pèmèt ou wè deprè.

Lè w ap kondi lannwit, li pi enpòtan pou ou pou kondi nan limit limyè devan ou yo.

Si ou kondi epi ou pase soti ou nan yon otowout, ou ta dwe kondi pou rive nan pwochen soti a epi pou soti nan otowout la.

Lè ou pare pou soti nan yon otowout, ou ta dwe kòmanse itilize siyal viraj ou sou yon distans 100 pye anvan ranp soti a.

Si ou kawotchou oto ou eklate, aksyon kòrèk pou fè se kenbe volan an yon fason djanm, epi lache pye pou sou gaz la.

Lè w ap eseye kanpe sou yon wout glise, pi bon aksyon pou fè se aplike fren yo an sakad lan ak estab.

# Chapit 11 Fason pou Pataje Wout la - Konsèy pou Kondi san Danje

Yon moun ki avèg legalman gen dwa pasaj lè l ap kwaze lari a lè se yon chen-gid k ap oryante li, oswa lè l ap itilize yon kàn blan oswa metalik.

Yon moun ki sou bisiklèt diferan avèk yon chofè paske li pa gen obligasyon pou pran asirans pou veyikil la

Sou yon wout ki pa gen twotwa yon pyeton ta dwe mache nan bò wout la ki anfas machin k ap vini yo.

Yon chofè ta dwe konnen yon moun sou bisiklèt k ap woule sou yon wout ta dwe fè sa sou bò dwat wout la.

Sa yon senbòl “ veyikil k ap woule dousman” ye se yon pano oranj ki gen fòm triyang.

Chofè yo ta dwe konnen tout bisiklèt moun itilize apre lannwit kòmanse dwe gen limyè devan ak limyè wouj dèyè.

Ou vle fè bak nan antre ou pou soti deyò epi ou wè timoun k ap jwe toupre a, ou ta dwe mache pou rive dèyè oto a pou asire wout la vid anvan ou kòmanse deplase oto ou.